

Sa Ou Dwe Konnen Sou COVID-19, Grip ak RSV

Viris respiratwa yo tankou COVID-19, grip ak viris sensiyal respiratwa a (respiratory syncytial virus, RSV) simaye plis pandan sezon otòn ak ivè.

COVID-19, grip ak RSV se maladi anpil moun genyen, yo chak se yon viris diferan ki bay yo. Toulètwa simaye prensipalman nan ti gout ki pwodui lè yon moun ki malad touse, estène oswa pale. Moun yo kapab vin malad si ti gout sa yo, flèm oswa krache ki enfekte antre nan je, nen oswa bouch yo.

Moun ajè, jèn timoun ak moun ki gen kèk pwoblèm sante kwonik gen plis risk pou yo malad oswa soufri maladi grav akoz viris sa yo. Men sa ou dwe konnen pou w pwoteje tèt ou ak fanmi ou.



Sentòm

Sentòm COVID-19, grip ak RSV sanble.

- Pou **COVID-19** ak **grip**, sentòm yo gendwa se lafyèv, frison, tous, estène, nen koule, nen bouche, fatig, malgòj, souf kout, difikilte pou respire, doulè nan misk, kò fè mal, maltèt, kè plen, vomisman ak dyare. Ka gen chanjman nan fason ou pran gou oswa sant oswa ou ka pa ka pran gou oswa sant, men gen plis chans pou sa rive ak COVID-19.
- **RSV** jeneralman lakoz sentòm lejè ki sanble ak sentòm rim tankou tous, estène, nen koule, nen bouche, frison, yon ti lafyèv ak pèt apeti. Men sèl sentòm ou ka wè kay tibebe: yo rechiya, aktivite yo diminye, epi yo gen difikilte pou nourri ak respire.



Prevansyon

Kijan mwen kapab pwoteje tèt mwen, pitit mwen yo ak lòt moun yo kont COVID-19, grip ak RSV?

Pran vaksen! **Vaksen kont COVID-19** ak vaksen kont **grip** yo redui risk pou w malad, entène lopital epi mouri. Tout moun ki gen laj 6 mwa pou pi piti dwe:

- Pran nouvo vèsyon vaksen kont COVID-19 la, ki te vin disponib an septanm 2023 epi ki gen yon nouvo vèsyon pou sezon 2023-2024 la, menm si yo te pran piki COVID-19 deja oswa te gen COVID-19 deja.
- Pran vaksen kont grip la chak ane.

Gen nouvo vaksen kont **RSV** ki disponib pou granmoun ki gen laj 60 an pou pi piti ak moun ki ansent. Pale avèk pwofesyonèl medikal ou pou konnen si wi ou non vaksen RSV a ap bon pou ou.

Gen yon nouvo medikaman nan piki tou pou anpeche RSV kay jèn timoun epi yo rekòmande li pou tout tibebe ki pi piti pase 8 mwa pandan premye sezon RSV yo a. Medikaman pou prevansyon yo disponib tou pou sèten tibebe pi gran ak jèn timoun ki gen gwo risk fè RSV grav, tankou sa ki gen pwoblèm kè ak poumon ak tibebe ki fèt anvan lè.

Ki lòt bagay mwen kapab fè pou m pwoteje tèt mwen ak lòt moun yo pou yo pa malad?

Itilize mezi prevansyon prensipal sa yo:

- Mete yon mask ki byen chita sou figi w lè w nan espas piblik ki anndan ak espas ki gen foul moun, epi lè w malad ak lè w bò kote lòt moun. Panse pou mete yon mask kalite siperyè, tankou mask N95, KN95 oswa KF94.
- Lè w malad, rete lakay ou — pa al travay, epi kenbe timoun ki malad yo lakay pou yo pa ale nan gadri ak lekòl — epi pa rete bò kote lòt moun yo anndan ak deyò kay la.
 - Ale sou [paidfamilyleave.ny.gov/COVID19](https://www.paidfamilyleave.ny.gov/COVID19) pou w jwenn enfòmasyon sou konje peye si ou menm oswa pitit ou a gen COVID-19. Rele nan 855-491-2667 pou jwenn èd.
- Lave men w ak men pitit ou yo souvan; evite manyen je w, nen w ak bouch ou; epi netwaye sifas moun manyen souvan yo (tankou manch pòt ak wobinè), sitou lè w malad.



Resevwa Swen

Kilè epi kijan mwen ta dwe fè tès?

Si w gen sentòm, al fè tès **COVID-19** ak tès **grip** tousuit yon fason pou w kapab tanmen tretman an si w elijib. Gen anpil kabinè doktè, klinik, sant swen ijan ak famasi ki ofri tès COVID-19 ak tès grip — pa ale nan yon sal ijans pou fè tès sèlman. Pou w jwenn yon sit tès COVID-19, ale sou **nyc.gov/covidtest**. Epitou, ou kapab itilize tès COVID-19 ki fèt pou lakay yo.

Tès RSV a jeneralman pa fè enpak sou swen ou menm oswa pitit ou a pral resevwa. Poutèt sa, anpil pwofesyonèl swen sante ka pwopoze pou fè tès sèlman pou tibebe, moun ki gen 65 lane e plis, ak lòt moun ki gen plis risk pou yo malad grav.

Ki tretman ki disponib?

Tretman COVID-19 ak grip tankou grenn antiviral nan bouch redui risk pou gen konplikasyon, pou entène lopital ak pou mouri.

- Si ou teste pozitif pou COVID-19 oswa grip, kontakte pwofesyonèl swen sante w la konsènan tretman an tousuit, piske li pi efikas toujou lè w kòmanse li pi bonè.
- Moun ki gen gwo risk pou gen konplikasyon akoz grip yo ta dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo. Yo pa bezwen tann rezilta tès grip la pou yo fè sa.

Pa gen okenn tretman espesifik pou **RSV** a.

Kèlkeswa viris ou menm oswa pitit ou a genyen, pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou medikaman san preskripsyon ki bon pou bese lafyèv ak diminye lòt sentòm yo. Li enpòtan tou pou w rete idrate epi asire w timoun ki malad yo rete idrate.

Kilè mwen ta dwe chèche swen medikal?

Pale ak pwofesyonèl swen sante w la pou konnen si ou menm oswa pitit ou a ta dwe chèche swen fas-a-fas epi pou konnen tretman ak soulajman sentòm yo. Rele pwofesyonèl swen sante w la si pitit ou a:

- Montre siy dezidratasyon, tankou bouch blanch oswa pa pipi anpil (mwens kouchèt mouye).

- Gen yon lafyèv ki dire plis pase twa (3) jou oswa ki rete anlè 104 degre Fahrenheit (40 degre Sèlisyis), oswa nenpòt lafyèv si li gen mwens pase 3 mwa.
 - Rechiya, manke manje oswa pa gen somèy.
- Si w pa kapab jwenn pwofesyonèl swen sante w la, ale nan yon sant swen ijan oswa yon sal ijans.

Pou granmoun oswa timoun ki gen difikilte pou respire yo (kay jèn timoun yo, li ka parèt tankou respirasyon rapid, gwonyen, twou nen yo dilate oswa yo itilize misk kou yo pou yo respire), yon koulè pal oswa ble ozalantou po bouch la oswa bouch la, konfizyon, gwo dezidratasyon, oswa lòt sentòm ki bay kè kase, rele **911** oswa ale nan yon lopital ki toupre a.

Pinga ou ale lopital la si ou menm oswa pitit ou a pa gen okenn sentòm oswa nou gen sèlman sentòm ki lejè oswa modere, oswa sèlman pou fè tès. Pifò moun geri poukont yo oswa avèk medikaman yo kapab pran lakay yo lè yo gen COVID-19, grip ak RSV.

Ki kote mwen kapab resevwa swen?

Si ou menm oswa pitit ou a pa gen yon pwofesyonèl swen sante:

- Ale nan yon sant swen ijan oswa klinik ki toupre a.
- Verifye avèk plan w lan pou w wè si li gen yon liy asistans telemedsin.
- Kontakte NYC Health + Hospitals Virtual ExpressCare sou **expresscare.nyc** oswa rele nan 631-397-2273. Swen an disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan plis pase 200 lang, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou oswa kapasite w pou peye.
- Pou jwenn yon lokal "Test to Treat" (Fè Tès pou Fè Tretman) COVID-19 ale sou **aspr.hhs.gov/testtotreat** oswa rele 800-232-0233.
- Pou jwenn yon kote yo bay vaksen kont COVID-19 oswa kont grip ale sou **vaccinefinder.nyc.gov**.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele **311**, oswa ale sou **nyc.gov/health/coronavirus**, **nyc.gov/flu** ak **nyc.gov/rsv**.

